

## 1. POU KISA ODYANS SA A ENPÒTAN?

Desizyon ki pran nan odyans sa a ap ranplase detèminasyon ki fè w te depoze apèl la. Lalwa prevwa yon sèl nivo odyans. Pou pwoteje dwa w, ou dwe patisipe menm si se lòt pati a ki te depoze apèl la. Si w pat ka patisipe jan l te planifye a, imedyatman swiv enstriksyon ki nan Seksyon 9 pou w mande pou yo repwograme odyans lan. Sinon, ou ka resevwa yon desizyon defavorab. Yon reklaman ki resevwa yon desizyon defavorab ap oblije remèt lajan benefis li te resevwa yo. Yap chaje kont taks yon anplwayè ki resevwa yon desizyon defavorab ki pral vin ogmante pousantaj taks li oswa oblije ranbousman nan fon fidisyè a (trust fund).

Prepare w pou w prezante prèv sou tout sijè ki endike nan *Avi Odyans* lan. Desizyon an pral baze sèlman sou evidans ki prezante nan odyans lan. Gen yon dezyèm nivo apèl ki egziste, men li enkli sèlman yon revizyon dosye ki deja egziste a, men pa yon nouvo odyans.

## 2. POU KISA YON ODYANS TE PWOGRAME?

Yon odyans te pwograme paske te gen yon apèl ki te fèt kont yon detèminasyon Depatman an. Patisipe nan odyans lan enpòtan, menm si se lòt pati a ki te depoze apèl la.

## 3. KI SA KAP PASE SI MWEN PA PATISIPE?

Si pati ki depoze apèl la patisipe, odyans lan ap fèt kanmenm. Desizyon an pral baze sou evidans ki prezante yo. Si w pa patisipe, yo pap konsidere evidans ou yo. Si se ou ki depoze apèl la epi ou pa patisipe, ka w la ap anile.

## 4. KI DWA MWEN GENYEN NAN ODYANS LAN?

An tan ke patisipan, ou gen dwa pou:

- A. Temwanyen pou pwòp tèt ou;
- B. Prezante dokiman ak lòt prèv;
- C. Kesyon pwòp temwen w;
- D. Kesyon temwen pati opoze a;
- E. Egzamine ak objèkte kont prèv ki prezante yo;
- F. Eksplike oswa refite prèv; epi
- G. Fè yon deklarasyon final nan fen odyans lan.

## 5. KÒMAN MWEN KA FÈ ARANJMAN POU GEN TEMWEN?

Kontakte temwen an epi mande pou li temwaye. Meyè temwen se moun ki konnen fè yo pèsònèlman. Yon temwen ki te prezan nan yon evènman pi bon pase yon moun ke se yon lòt moun ki te di li sak te pase a. Si sa posib, ou menm ak temwen w lan (yo) ta dwe nan menm kote pou odyans lan. Si yon temwen pa ka nan menm kote

avèk ou epi nou dwe kontakte li nan yon lòt nimewo telefòn, bay Biwo Apèl la non ak nimewo telefòn temwen an atravè telefòn, faks, oswa lapòs. Fè temwen an konnen pou li disponib nan lè ki pwograme pou odyans lan epi li dwe rete disponib jiskaske swa ou menm oswa abit apèl la ranvwaye l.

Si yon temwen pa vle temwaye volontèman, ou ka fè demann pou to voye yon manda de-konparèt alekri nan adrès ki sou *Avi pou Odyans* lan. Poste oswa faks demann lan pi vit ke posib pou yo ka delivre manda de-konparèt la anvan odyans lan. Mete ladan nimewo dosye a; non temwen an, adrès, ak nimewo telefòn (si telefòn nan disponib), ansanm avèk yon deskripsyon detaye sou tout dokiman oswa lòt prèv tanjib temwen an ta dwe founi pou odyans lan.

## 6. KÒMAN M KA PWOUE KE M TAP CHÈCHE TRAVAY?

Si zafè a se eske ou te kapab ak disponib pou travay, *voye yon kopi fèy dokiman kontak rechèch travay ou yo nan Biwo Apèl la anvan odyans lan. Mete chak dat ak metòd ou te itilize pou kontakte travay la, ansanm ak non ak adrès chak anplwayè ou te kontakte.*

## 7. KÒMAN M KA MONTRE MWEN TE DEPOZE APÈL MWEN AN ALÈ ?

Si l sanble ke apèl la pat depoze nan peryòd tan lalwa pèmèt la, Jij-abit la pral premyèman pran evidans sou lè apèl la te depoze a. Si sijè a se akòz de lè a, moun ki te depoze apèl la ap yon temwen enpòtan. Ka a ap anile si w pa bay prèv sifizan ki montre apèl la te depoze alè.

## 8. ESKE MWEN KA RETIRE APÈL MWEN AN?

Apelan an ka retire yon apèl sou entènèt atravè sistèm CONNECT la oswa sant èd RA a, atravè lapòs oswa faks li nan adrès Biwo Apèl la oswa nimewo faks ki sou *Avi pou Odyans* lan owa nan: Office of Appeals; PO Box 5250; Tallahassee FL 32399-5250. Mete nimewo sekirite sosyal reklaman an ak nimewo dosye a. Nan anpil ka, ou pa ka relouvri yon apèl ke w fin retire.

## 9. ESKE MWEN KA MANDE POU YO RANWAYE L POU YON LÒT LÈ?

Ou ka mande pou yo ranvwaye l pou yon lòt lè si gen yon rezon konvenkan ki eksplike pou kisa ou pa ka patisipe jan sa te pwograme a. Ou ka fè demann lan alekri anvan odyans lan oswa pandan odyans lan. Bay yon rezon ki fè ou pa ka patisipe epi ki kalite efò ou te fè, si w te fè okenn efò, pou re-òganize orè ou pou w te ka patisipe. Jij-abit la ap fè w konnen alekri si li akòde demann lan. Si ou pa resevwa yon repons alekri, **sipoze ke demann lan pa agreye**. Ou dwe disponib pou patisipe nan odyans lan epi

prepare pou prezante ka w la.

## 10. KÒMAN M KA JWEN KOPI DOKIMAN KI NAN DOSYE A?

Kopi tout dokiman ke jij-abit la genyen vini avèk *Avi Odyans Telefònik* lan. Revize dokiman sa yo anvan odyans lan epi genyen yo ansanm avèk ou pandan odyans lan.

## 11. KI JAN DE PRÈV MWEN DWE BAY?

Meyè evidans se temwanyaj yon moun ki te prezan lè bagay la te pase a epi ki ka reponn a kesyon espesifik sou sa ki te pase a. Reklaman yo prèske toujou gen konesans dirèk de sa ki te pase a. Anplwayè yo ta dwe chwazi temwen yo avèk anpil swen pou asire ke yo prezante prèv ki konpetan.

**Si ou te soumèt yon dokiman anvan epi li pa enkli nan avi pou odyans lan, ou dwe voye von lòt kopi bay ofisye odyans lan ak nan tout lòt adrès ki sou *Avi Odyans Telefònik lan pou dokiman yo ka konsidere*, Pou yo ka konsidere dokiman yo, ou dwe poste, faks, oswa delivre yon kopi chak dokiman nan Biwo Apèl la ak tout nan adrès ki sou avi odyans lan, anvan dat seyans lan. **Yap ka konsidere sèlman dokiman ke tout pati yo resevwa, sof si moun nan renonse a dwa pou verifve dokiman yo, Tout evidans devni achiv piblik lè odyans lan konvoke.****

Majorite dokiman ak afidavi se wi-di epi yo ka itilize yo inikman kòm sipleman oswa pou eksplike lòt prèv oswa pou sipòte yon konklizyon si li ta akseptab pa rapò a yon objeksyon nan aksyon sivil. Wi-di ka sipòte yon konklizyon yon fè reyèl si li satisfè kondisyon legal ki tabli nan Atik 443.151 (4) (b) 5.c, Lwa Florid yo.

Lwa ki mansyone pi wo a endike ke prèv wi-di ka itilize nan bi pou konplete oswa eksplike lòt prèv, oswa pou sipòte yon konklizyon si li ta admisib nan aksyon sivil malgre yon objeksyon. Malgrè tou, atik 120.57(1)(c), prèv wi-di ka sipòte yon konklizyon fè reyèl si:

1. Pati kont ki prèv la ofri a gen yon opòtinite rezonab pou revize prèv sa yo anvan odyans lan; epi
2. Jij-abit apèl la oswa jij-abit espesyal la detèmine, apre li fin konsidere tout fè reyèl ak sikonstans ki enpòtan yo, ke prèv la fwyab ak pwoban e ke enterè lajistis ap pi byen sèvi si yo antre prèv la kòm evidans.

Si evidans wi-di a pa satisfè kondisyon legal yo, evidans lan kapab kalifye kòm yon eksepsyon daprè règ wi-di, (gade Chapit 90, F.S.). Yon anplwayè ki dwe konte sou dosye biznis, dwe ofri yon temwen ki ka temwaye sou kijan dosye yo te prepare epi garanti otantisite dosye yo. Yon fwa odyans lan fini, yo pap aksepte okenn lòt evidans.

## 12. ESKE MWEN DWE PRAN YON AVOKA?

Reprezantasyon pwofesyonèl pa obligatwa epi pifò moun reprezante tèt yo nan odyans pou asistans reyanplwa yo. Ou gen dwa pou gen yon avoka oswa yon reprezantan otorize pou reprezante w, men se ou ki gen pou peye pou sa. Jij-abit apèl la dwe apwouve frè reprezantan yon reklaman chaje, men se reklaman ki gen pou peye frè a. Reprezantasyon legal ka disponib atravè Biwo Èd Legal lokal ki nan zòn ou an nan yon pri redwi oswa ki pa chaje reklaman ki pa gen gwo mwayen yo. Pou enfòmasyon sou kòman pou pran yon avoka, kontakte Florida Bar a gratis nan 1-800-342-8011. Si w pran yon avoka oswa ou otorize yon moun pou reprezante ou, bay Biwo Apèl la non moun lan, adrès, ak nimewo telefòn li pou asire ke tout avi yo al jwenn moun sa a.

## 13. E SI M BEZWEN YON ENTÈPRÈT?

Odyans lan ap an Anglè. Yap fè aranjman pou gen entèpretasyon pou tout pati ki endike lang prensipal yo pa Anglè. Si ou bezwen yon entèprèt epi *Avi Odyans* lan pa endike ke gen yon entèprèt kap la, kontakte Biwo Apèl la imedyatman pou avize yo ki lang wap bezwen pou yo ka fè aranjman pou entèpretasyon.

## 14. E SI MWEN BEZWEN PLIS ENFÒMASYON?

Adrès, nimewo telefòn, ak nimewo faks Biwo Apèl la ap sou *Avi pou Odyans Telefònik lan*, ansanm avèk non grefye ou dwe kontakte a pou founi enfòmasyon oswa pou resevwa enfòmasyon. Enfòmasyon pou kontakte *Biwo Apèl* la ap parèt sou dènne paj bwochi sa a. Mete nimewo dosye a oswa non konplè reklaman an sou tout korespondans.

## 15. KISA KAP PASE NAN ODYANS LAN?

Jij-abit apèl yo kap travay sou ka a, pral:

- A. Mande chak pati pèmisyon pou anrejistre odyans lan elektwonikman.
- B. Eksplike zafè yo, bi odyans lan, òd temwayaj yo, ak lòt pwosedi;
- C. Idantifye detèminasyon ki an apèl la epi fè konnen kontni dosye a,
- D. Mete tout temwen yo sou sèman oswa afimasyon;
- E. Poze pati yo ak temwen yo kesyon pou jwenn fè reyèl yo;
- F. Asiste pati yo pandan yap poze temwen yo kesyon; ak
- G. Detèmine si li ka resevwa ak konsidere temwanyaj ak dokiman ki ofri yo, nan dosye a.

## 16. KÒMAN MAP FÈ KONNEN SI DESIZYON AN JIS?

Lalwa oblije jij-abit apèl la pou li pa pran patipri epi pou li pran desizyon ki baze sou prèv konpetan. Jij-abit apèl la responsab pou jere odyans lan san patipri, kesyon temwen yo, ak pwoteje dwa fondamantal chak pati. Jij-abit apèl la pa kapab diskite ka a avèk okenn pati ni anvan oswa aprè odyans lan.

## 17. E SI MWEN TE RATE ODYANS LAN?

**Si w rate yon odyans ou dwe fè tout dilijans ou pou mande pou yo ba w yon lòt odyans.** Tout demann pou yon lòt odyans dwe fèt sou entènèt atravè CONNECT, oswa atravè Sant Èd RA a oswa poste l oswa faks yon demann alekri nan adrès oswa nimewo faks ki sou *Avi Odyans* lan oswa *Desizyon* an. Yo pa pèmèt okenn lòt metòd. Mete Nimewo Dosye a oswa nimewo sekirite sosyal reklaman ak rezon ki fè ou pat prezan nan odyans lan. **Se sèlman rezon ki konvenkan ak nesèsè kap konstitye kòm rezon valab.** Si yo agreye yon demann pou fè yon lòt odyans, ou dwe prezante avèk prèv tanjib nan nouvo odyans lan epi pou w montre dilijans ou te fè pou eseye re-aranje orè w oswa mande yon lòt dat. Si w pa montre rezon valab, se desizyon anvan an kap rete.

## 18. KILÈ MAP RESEVWA YON DESIZYON?

Yo pral poste yon desizyon bay tout pati yo pi vit ke posib aprè odyans lan. Desizyon an ap enkli konstatayon fè reyèl, konklizyon dapre lalwa, ak rezilta a, ki pral konfime, ranvèse, oswa modifiye detèminasyon an oswa anile apèl la.

## 19. E SI MWEN PA DAKÒ AVÈK DESIZYON AN?

Si ou pa dakò avèk desizyon an, ou kapab mande Komisyon Apèl pou Asistans Reyanplwa a revize desizyon an. Wap jwenn *enfòmasyon sou kòman pou mande yon revizyon nan desizyon an*: **Tout demann pou revizyon dwe depoze nan lespas 20 jou kalandriye aprè yo te fin poste desizyon an.** Komisyon Dapèl pou Asistans Reyanplwa a pa pral fè yon lòt odyans; desizyon komisyon an ap baze sou temwayaj ak lòt prèv ki te prezante devan jij-abit la epi kijan abit la te itilize prèv sa yo pou l pran yon desizyon. Se poutèt sa, prezante tout prèv ou genyen nan odyans lan trè enpòtan. Lè yo fin konplete revizyon an, Komisyon Dapèl pou Asistans Reyanplwa ap poste yon òdonans a lekri bay tout pati yo.

*Si w pat patisipe nan odyans lan pou rezon valab epi ou te resevwa yon desizyon defavorab, ale nan Seksyon 17 pou enfòmasyon sou demann pou yon nouvo odyans.*

**20. ESKE ENFÒMASYON KI NAN DOSYE A AP KONFIDANSYÈL?** Non, eksepte nimewo sekirite sosyal reklaman an, enfòmasyon sou apèl la devni dosye piblik lè odyans lan konvoke.

**21. KI KOTE MWEN KA JWEN PLIS ENFÒMASYON?** Ou ka jwenn enfòmasyon sou apèl, enkli lyen lalwa ak Kòd Règ Administratif yo sou sit entènèt nou an nan [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org) chwazi Enfòmasyon sou sou Apèl pou Asistans Reyanplwa oswa chwazi Resevwa *Lòt Enfòmasyon RA*. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Asistans Reyanplwa pou Dezas, TRA, ak lòt pwogram konpansasyon asistans Reyanplwa Federal, sou entènèt nan [www.doleta.gov](http://www.doleta.gov). Ou ka jwenn enfòmasyon sou kòman pou reklame semèn asistans reyanplwa yo pandan yon apèl annatant lè w chwazi *Reklame Semèn ou yo nan* kont CONNECT ou a.

**An akò avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo, moun ki bezwen aranjman espesyal pou patisipe nan odyans lan ka kontakte grefye jij-abit la nan nimewo ki endike sou *Avi pou Odyans* lan omwen 5 jou anvan odyans lan oswa atravè Sèvis Relè Florid la nan 1-800-955-8770.**

Asistans Reyanplwa se yon pwogram opòtinite egal nan Depatman Opòtinite Ekonomik. Èd ak sèvis oksilyè ap disponib sou demann pou moun ki gen andikap yo.

**22. Adrès, Nimewo Telefòn ak Faks Biwo Apèl la:**

**Adrès:**  
PO Box 5250  
Tallahassee, Florida 32399-5250

**Nimewo Telefòn:**  
1-800-732-8212

**Nimewo Faks:**  
Biwo Grefye Apèl yo  
850-617-6504

*Bwochi sa a se pou enfòmasyon sèlman epi li pa gen tout efè lalwa ak/oswa tout règman lalwa.*

**Asistans Reyanplwa  
Enfòmasyon Dapèl  
[www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org)**



**Enpòtan – Li sa Konyea!**

Bwochi sa founi yon rezime enfòmasyon jeneral sou apèl asistans reyanplwa ak fason pou prepare pou odyans ou an. *Avi odyans* lan ka enkli enstriksyon ak enfòmasyon espesifik. Si ou pa konfòme w avèk enstriksyon sa yo, sa ka lakòz yon reta nan rezoud ka w la oswa esklizyon nan prèv ou ta vle prezante.

Si ou gen kesyon aprè ou fin li bwochi sa a, rele grefye jij-abit la nan nimewo telefòn ki sou *Avi pou Odyans Telefònik* lan oswa tcheke kont CONNECT ou a. Si w se reklaman ki pap travay, kontinye reklame pou semèn yo kòm sadwa pandan ke apèl la annatant. Si ou resevwa yon desizyon favorab, yap peye benefis sèlman pou semèn ke w te kòrèkteman reklame yo.

**Prepare w pou resevwa apèl telefonik ofisyèl odyans lan. Si ou pa resevwa yon apèl telefonik nan dis (10) minit apre lè odyans lan te pwograme a, kontakte grefye jij-abit la nan nimewo telefòn ki parèt sou *Avi pou Odyans Telefònik* lan.** Anplwayè yo dwe bay non ak nimewo telefòn moun pou yo telefone a pou odyans lan. Yap rele reklaman an nan nimewo telefòn ki endike sou *avi odyans* lan sif si li bay yon lòt nimewo anvan odyans lan. Se responsablite chak pati pou yo retire tout sèvis bloke-apèl telefònik ki ka anpeche apèl telefònik lan rive jwenn ou. Nenpòt pati ki pwograme pou parèt an pèsòn, ap resevwa enstriksyon siplemantè espesyal.